**दिन–बुधवार** **दिनांक–24.06.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

राज्य सरकार उच्च शिक्षाक विस्तारक लेल पाँच जिला में पाँच टा नव निजी विश्वविद्यालयक स्थापना आ संचालन के स्वीकृति देलक अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी के अध्यक्षता में आई भेल कैबिनेटक बैसक में एहि आशयक प्रस्ताव पारित कएल गेल। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी अपन सोशल मीडिया पोस्ट में ई जनतब साझा करैत जनौलनि जे मधुबनी में शांजा विश्वविद्यालय, नवादा में एसए विश्वविद्यालय, पटना में हिमालय विश्वविद्यालय, औरंगाबाद में सीता योग विश्वविद्यालय आ सीवान में एक विश्वविद्यालयक स्थापना आ संचालन के मंजूरी देल गेल अछि।

---

केंद्रीय चयन पर्षद आइ प्रदेश भरि में विभिन्न केंद्र सभ पर बिहार पुलिस में सिपाही भर्ती परीक्षाक आयोजन कयलक अछि। परीक्षाक आयोजन दू पाली में कएल गेल। एहि के लऽकऽ सुरक्षाक व्यापक प्रबंध कएल गेल छल। सभ केंद्र सभ पर मजिस्ट्रेटक निगरानी में पुलिस बलक तैनाती कएल गेल छल। एम्हर, रेलवे अभ्यर्थी सभक सुविधाक लेल कतेको स्पेशल ट्रेन चलौलक अछि।

---

राज्य सरकार प्रत्येक मासक अंतिम रविदिन पंचायत विकास दिवस मनेबाक निर्णय कएलक अछि। मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी मुंगेर जिलाक एक चयनित पंचायत सँ अट्ठाईस जून कऽ एहि कार्यक्रमक शुभारंभ करताह। एकर उद्देश्य ग्रामीण विकास योजना सभक समीक्षा आ जन भागीदारीक माध्यम सँ पंचायत सभक सतति आ समग्र विकास के बढ़ावा देब अछि। कार्यक्रमक सफल आयोजनक लेल जिला सभ के आवश्यक निर्देश जारी कएल गेल अछि।

---

राजस्व एवं भूमि सुधार मंत्री दिलीप जायसवाल कहलनि जे राज्य में भू–सुधारक कार्य जारी रहत। ओ कहलनि जे सरकारी भूमि के हर हाल में अतिक्रमणमुक्त कराओल जाएत। श्री जायसवाल आइ पटना में पत्रकार सभ सँ गपशप करैत जनौलनि जे पीरपैंती पावर प्लांट,

सीएनएलयू निफ्ट आ सुपौल व्यवहार न्यायालय सहित कतेको ठाम निर्माण काजक लेल जमीन उपलब्ध कराओल गेल अछि। ओ कहलनि जे भूमि प्रबंधन कैँ आओर बेसी पारदर्शी बनबैत एकर लाभ जन–जन धरि पहुँचेबाक काज कएल जा रहल अछि।

———————————————————

शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी कहलनि जे राज्य में कानूनक शासन अछि। श्री तिवारी कहलनि जे भोजपुर मुठभेड़ मामिला में न्यायिक जांचक आदेश दऽ देल गेल अछि आ प्रारंभिक जांच में लापरवाही सोझा अयबा पर पुलिसकर्मीक विरूद्ध सेहो कार्रवाई कएल गेल अछि। श्री तिवारी कहलनि जे विपक्षक एहि मुद्दा पर राजनीति छोड़ि कऽ जांच रिपोर्टक प्रतिक्षा करबाक चाही। एम्हर, विकासशील इंसान पार्टीक प्रमुख मुकेश सहनी कहलनि जे हालहि में भेल मुठभेड़क सभ मामिलाक जांच होएबाक चाही।

———————————————————

मुंगेर जिलाक मुफस्सिल थाना क्षेत्र अंतर्गत श्यामपुर बकचपरा गंगा घाट पर गंगा नदी में स्नानक दरमियान पांच युवती डूबि गेलीह। एहि में सँ तीन युवतीक शव बरामद कऽ लेल गेल अछि। ओतहि, शेष दू कैँ खोज कएल जा रहल अछि। एम्हर, मुफस्सिल थाना क्षेत्र अंतर्गत टीकारामपुर गंगा घाट पर डूबबा सँ एक युवकक मृत्यु भऽ गेल।

———————————————————

प्रदेशक उत्तरी भाग में मॉनसूनक सक्रियता सँ बरखाक क्रम जारी अछि। मौसम विभाग आइ पश्चिम चम्पारण, पूर्वी चम्पारण, सीतामढ़ी, मधुबनी, बेगूसराय, खगड़िया सहित राज्यक उत्तर–पश्चिम आ उत्तर–मध्य भाग में अन्हर–बिहारि आ वर्षाक अलर्ट जारी कएलक अछि। एहि दरमियान कतेको ठाम वज्रपातक सम्भावना अछि। एम्हर, राज्यक दक्षिण–पश्चिम भाग में भीषण गर्मी पड़ि रहल अछि। विभाग एहि सभ स्थान पर अगिला अड़तालीस घंटाक दरमियान अधिकतम तापमान में एक सँ तीन डिग्री सेल्सियस धरिक वृद्धिक पूर्वानुमान जनौलक अछि।

———————————————————

अररियाक जिलाधिकारी विनोद दुहनक अध्यक्षता में आइ नार्को कोऑर्डिनेशन सेन्टर, एन– कॉर्ड के जिलास्तरीय समीक्षा बैसक कएल गेल।

पूर्व मध्य रेलवेक दानापुर रेल मंडल अंतर्गत हाथीदह आ बेगूसराय स्टेशनक मध्य राजेन्द्र पुल पर आइ भोर में ओवर हेड इलेक्ट्रिक तार टूटि गेला सँ रेल परिचालन प्रभावित

भेल। रेल अधिकारी लोकनिक अनुसार एहि के ठीक कऽ लेल गेल अछि आ रेलखंड पर परिचालन बहाल भऽ गेल अछि।

सुपौल जिलाक सदर थाना क्षेत्र अंतर्गत सहरसा—सुपौल मुख्य मार्ग पर पुलिस लाईन लऽग मोटरसाईकिलक टक्कर सँ एक किसान गम्भीर रूपेँ घायल भऽ गेलाह। इलाजक दरमियान हुनक मृत्यु भऽ गेल।

————————————————————————

समाप्त